Bhaibheri re vana
Rikukupai



Jesu anosarudza vadzidzi gumi navaviri

Rakanyorwa ndiani: Edward Hughes

Rakafanidzirwa ne: Byron Unger; Lazarus

Rakatorwa na: E. Frischbutter; Sarah S.

Rwakashandurwa na: Tendai Mugova

Rakabudiswa na: Bible for Children
www.M1914.org

©2014 Bible for Children, Inc.
Mitero: Une mvumo yekutora nyaya iyi kana usinganotengesi chete.

Jesu akaita zvishamiso. Akaporesa vakange vaine zvirwere, ...

… rugare kune vakanga vakaremerwa mumoyo nemupfungwa pamwechete nokudzidzisa shoko raMwari.

Vanhu vazhinji vakauya kuna Jesu vachitsvaga rubatsiro nokuporeswa.

Akasarudza varume vanoita
gumi navaviri pakati
pavaimutevera, ...

... kuti vamubatsire
kuita basa raMwari.

Kana uchida kuita sarudzo yakakosha unonamata kuna Mwari here? Jesu akanamata!

Munzvimbo
yegomo
yakanga
yakanyarara,
Jesu akataura
nababa vake
kudenga.

Jesu akanamata kusvika zuva ranyura.

Jesu
akanamata
husiku
hwese.

Kuzoti ava mangwanani, Jesu akadana vatevedzeri vake-shamwari dzake dzose nevakange vamuteerera.

Pakati pavo, Jesu akasarudza gumi nevaviri kuti vave vabatsiri kana vaapositori.

Vakomana vaviri vakasarudzwa naJesu vakanga vari Simoni anonzi Petro na Andhirea. Vakasiya basa rokuredza hove apo

Zvakare, Jakobho
na Jona, vanakomana
vaZebhedhi vakasiya mambure
avo okuredza
hove.

Jesu akasarudza Firipi, Bhatoromeo, Mateo, Tomasi, Simoni muZiroti, Jakobho mwanakomana waArifeasi,

...

… Judhasi mwanakomana waJakobho, naJudhasi Isikarioti,
uyu akazova mupanduki.

Jesu akadzidzisa kuti kuita sezvaanoreva kwakafanana nokuvaka imba paruware.

Mhepo inesimba
ikavhuvhuta imba
iyi haiparari.

Asi kusateerera shoko raMwari kunenge kuvaka imba pajecha. Mhepo ikauya, imba iyi inoparara.



Zvimwe zvidzidziso zvaJesu zvakanga zvisiri nyore.

Akadzidzisa achiti, “Kana munhu akakurova padama rorudyi, umurinzire rimwevo. Iva nerudo kuvavengi vako.”

Vanhu vanoda rubatsiro rwaMwari kuti vakwanise kurarama saJesu.

Jesu akavaudza zvakare kuti vanamate pakavanzika-kwete ...

... kushamisira nomunamato pamberi pevanhu sezvaiitwa nevamwe vatungamiri vemweya.

Jesu akati Mwari achapa zvokudya nokupfeka kuna vanhu vanomutenda.

Sezvo Mwari achipa chikafu kune shiri namavara anoyevera kumaruva nemiti, ...

... vanhu
vanokwanisa
kutenda kuti
anovapa zvavanoda.

Jesu akadzidzisa vadzidzi vake zvizhinji zuva iroro. Mushure mokunge apedza, munhu akanga akaremara akauya achikumbira rubatsiro.

Jesu akadaira achiti, “Ndinoda. Chinatswa.” Vadzidzi vake vachitarisa, chirema chakaporeswa.



Mwanakomana waMwari chete akakwanisa kuita izvi. Vadzidzi vakaziva kuti vakanga vaine mutungamiri mukuru.



Jesu anosarudza vadzidzi gumi navaviri

Nyaya yeshoko raMwari, Bhaiberi

Inowanikwa mu

Mateo 4-7, Mako 1, Ruka 6

"Mazwi enyu anotipa kuchena."
Mapisarema 119:130

Magumo

Nyaya dze mu Bhaibheri dzinotiwudza zvekushamisa kwaMwari Musiki wedu uyo anoda kuti umuzive.

Mwari anoziva kuti tese takaita zvakaipa, izvo zvaanoti zvitema. Mubairo wechitema ndirwo rufu, asi Mwari anokuda kwazvo, akatuma mwana wake, Jesu, kukufira pamuchinjikwa uye akatambudziwa nemhaka yako. Jesu akafa akumuka, akadzokera kumusha kudenga! Kana uchitenda muna Jesu uye ukakumbira kuregererwa anokuregerera zvitema zvako, Anokuregerera! Achauya kuzogara mumoyo mako. Achagara mauri. newe ugogara maari mazuva namazuva.

Kana uchitenda kuti ichi
ichokwadi, taura kuna Mwari uchiti
Mudiwa Jesu, ndinotenda kuti ndimi Mwari, uye
makauya semunhu panyika kuzofira zvitema
zvangu, uye murikurarama. Huyai mumoyo
mangu mundiregere zvitema zvangu, kuti ndive
heupenyu hutsva, uye nerimwe zuva ndigogara
nemi nekusingaperi. Ndibatsirei kuti
ndikuteererereyi, ndirarame semwana wenyu.
Ameni.

Verengayi Bhaibheri nekutaura ne Mwari
mazuva ese. Johane 3:16